



Pou Piblikasyon Imedya: 19/11/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**DEKLARASYON GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO POU KONSÈY ADMINISTRASYON  
SYRACUSE UNIVERSITY LA KI EGZIJE ENSTALASYON YON SIVEYAN POU  
ANKETE SOU YON VAG KRIM RAYISANS SOU KANPIS YO**

"Nasyon sa a ap fè fas ak anpil kesyon, men nan tèt lis la se divizyon rasyal, etnik ak relijiye kwasan an ki ap tante fè divèsite vini yon feblès olye yon fòs.

Nou wè li atravè nasyon an epi menm atravè gran Eta New York la. Ensidan anti-Semit, anti-Afro Ameriken, anti-Mizilman, anti-LGBTQ, anti-Azyatik, anti-Italyen yo ak plis ankò te ogmante.

Gwoup rayisans yo tankou Proud Boys (yo refere pibyen ak yo tankou Bigot Boys - Gason Egoyis yo) te reklame plis responsabilite pou aksyon yo a nan Vil New York jis nan semèn sa a. Politik nou an dwe 'Zewo Tolerans'.

Aktivite rayisans yo nan Syracuse University twoublan anpil, non sèlman pou kominote inivèsite Syracuse la, men pou pi gran kominote New York la. Yo pat jere yo yon fason ki reflekte opozisyon agresif Eta sa a konsènan konpòtman detestab, neglijan, repreyansib sa yo. Dèske aksyon sa yo ta rive sou kanpis prensipal inivèsite New York la rann sitiwayasyon sa a pi mal ankò.

Malgre efò li yo, mwen pa kwè Rektè Syverud te jere kesyon sa a yon fason ki enspire konfyans.

Mwen kwè ke Konsèy Administrasyon (Board of Trustees) Syracuse University la ta dwe mete imedyatman yon siveyan eksperimante ki gen ekspètiz nesès pou ankete efektivman ensidan sa yo, kominike klèman reyalite yo bay Konsèy la ak Fòs Entèvansyon kont Krim Rayisans Lapolis Eta (State Police Hate Crimes Task Force) a epi rekòmande yon estrateji desizif pou adrese ni ensidan espesifik yo ak konpòtman an. Pandan tan sa a, mwen ap bay enstriksyon ak Fòs Entèvansyon an pou etann ankèt oparavan li yo pou ajoute rapò resan yo konsènan yon 'manifès (manifesto)' ke yap pibliye eletwonikman bay etidyan Inivèsite Syracuse yo nan kowoperasyon ak ajans aplikasyon lalwa yo.

Kòm nou te aprann plizyè fwa, yo dwe jere egzibisyon kwasan rayisans ak egoyis sa yo yon fason fèm, rapid ak jis. Sa dwe ni reyalite a ak pèsepsyon an. Inivèsite Syracuse ak lidèchip li a pat rive fè sa. Se obligasyon ou pou korije sitiwayasyon an imedyatman".

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)